

Asire Sekirite Aparèy Komèsyal pou Koupe Vyann Frèt yo



Èske ou te konnen...?


Aparèy yo itilize souvan nan etablisman ki vann an detay yo ak etablisman ki bay sèvis manje yo pou yo koupe vyann, fwomaj ak pwodui fre gendwa vin difisil oswa enposib pou netwaye eak dezenfekte kòm sadwa apre yon peryòd itilizasyon. Si yo pa netwaye ak dezenfekte tou sifas yon aparèy pou koupe vyann frèt kòm sadwa, sa kapab kontamine manje yo epi sa ka lakòz moun malad oswa mouri.

- Genyen maladi moun pran nan manje ki parèt dènyeman poutèt kras manje ak mikwo òganis ki lakòz maladi ki te akimile sou sifas aparèy pou koupe vyann frèt yo ki difisil pou netwaye ak dezenfekte.
- Sa ki te lakoz epidemi maladi grav ak moun ki te entène lopital.
- Gen anpil soudi ant pyès ak eleman ki nan yon aparèy nòmal pou koupe vyann frèt ki kole ak mastik epi gaskit. Soudi sa yo kapab vin ize, yo kapab degrade oswa yo kapab kase akoz yo itilize ak netwaye aparèy yo anpil. Ofiramezi mastik ak gaskit sa yo ap vin degrade, kapab gen espas ki kreye ki kapab kenbe kras manje yo ak imidite, sa ki kapab lakoz gen zòn ki pa kapab netwaye ni dezenfekte kòm sadwa nan kondisyon netwayaj nòmal.

Zòn ki difisil pou netwaye nan aparèy pou koupe vyann frèt yo


FLÈCH YO MONTRE ZÒN KI BAY PWOBLÈM YO

Siveye zòn sa yo avèk anpil atansyon pou wè si yo pa fann, kase ni yo pa gen pyès ki manke oswa ki detache.



Kras manje ki akimile nan zòn sipò pwoteksyon an.

Kras manje ki akimile anndan pwoteksyon lam la nan pyès plastik blan an.



Sifas ki anba manch aparèy la ka gen kras manje ki akimile epi ki kapab mande pou siveye li pou sa pa rive.

Sa OU kapab fè

NETWAYE epi DEZENFEKTE aparèy pou koupe vyann frèt yo selon enstriksyon fabrikan an omwen yon fwa chak katrèdtan pou anpeche bakteri ki lakòz maladi yo devlope.

- Kite enstriksyon yo afiche toupres kote aparèy la ye a epi suiv yo pye pou pye.
- Lè w annik siye yon aparèy pou koupe vyann frèt pou retire kras ou ka wè yo, sa pa ranplase lè ou byen netwaye ak dezenfekte ekipman an.

Egzamine regilyèman eta soudi yo, matik yo ak gaskit yo pou konfime yo an bon eta pandan aparèy nan tou monte ak anvan ou demonte l pou w netwaye ak dezenfekte li.

- Egzamine zòn ki difisil pou jwenn yo pou wè si pa gen manje oswa likid ki akimile ladan yo.

Si gen yon mastik oswa yon gaskit ki kase, ki manke, ki detache, ki gen pwoblèm oswa ki pa fonksyone jan l ta dwe fonksyone a, retire aparèy pou koupe vyann frèt yo tousuit pou pèsonn pa sèvi avèk l epi kontakte fabrikan aparèy la pou repare l oswa pou ranplase l.

- Se yon reprezantan sèvis fabrikan an otorize ki ta dwe fè tout reparasyon yo sinon tout reparasyon ta dwe fèt gras ak yon kit reparasyon ki disponib nan men fabrikan orijinal la oswa fabrikan orijinal la bay.

Fè yon pwofesyonèl fè sèvis nan aparèy pou koupe vyann frèt yo selon rekòmandasyon fabrikan an.

- Asire sèvis sa a gen ladan l analiz tout soudi yo ak ranplasman nòmal mastik ak gaskit yo.
- Pou sèvis la byen fèt, li ka nesèsè pou yo retire pyès yo epi monte yo ankò pandan yo ap remete mastik ak gaskit ki nesèsè yo.